



Pwogram Biwo Jistis Sivil New York pou bay yon Aksè Inivèsèl nan Sèvis Jiridik pou Lokatè k ap Fè Fas ak Menas Degèpisman

An 2017, Konsèy Minisipal Vil New York la te pase lwa lokal 136, ki kodifye kounye a kòm Chapit 13 Tit 26 nan Kòd Administratif Vil New York la, yo rele tou, Lwa istorik Vil New York sou Aksè Inivèsèl nan sèvis yon Avoka, ki bay Biwo Jistis Sivil (Office of Civil Justice, OCJ) responsablite pou bay aksè nan sèvis jiridik pou lokatè k ap fè fas ak menas degèpisman nan tribinal lojman oswa fen kontra lwaye yo nan pwosedi administratif Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA). Lwa a egzijè pou Kowòdonatè Jistis Sivil la fè yon odyans piblik chak ane pou resevwa rekòmandasyon ak fidbak sou pwogram sa yo.

KILÈ EPI KIKOTE ODYANS LAN AP FÈT?

Mèkredi 28 fevriye 2024
6 P.M. jiska 9 P.M.
Odyans lan ap fèt a distans sou Zoom

KIJAN MWEN KA PATISIPE?

Nenpòt moun ka patisipe nan odyans piblik la sou entènèt oswa pa telefòn. Ou ka bay kòmantè oswa fidbak sou Aksè Inivèsèl nan pwogram Sèvis Jiridik la nan:



Odyans Piblik

Ou kapab enskri pou pale nan odyans piblik la lè w rele **929-221-5422** oswa lè w voye yon imèl bay civiljustice@hra.nyc.gov nan dat 27 fevriye 2024 oswa anvan sa. Yo ap rele moun ki ap pran lapawòl yo selon lòd yo te enskri a epi yo ap kapab pale pou jiska twa (3) minit.

Sou entènèt (videyo ak odyo):

Ale sou <https://www.zoomgov.com/j/1614804691>

Oswa ale sou Zoom.us. Klike sou "Join a Meeting" (Patisipe nan yon Reyinyon).

Mete **Idantifyan Reyinyon an: 161 480 4691**

Pa Telefòn (odyo, sèlman):

Rele **(646) 828-7666**. Lè yo mande w, antre: **Idantifyan Reyinyon an: 161 480 4691**



Pa lapòs Ou kapab voye kòmantè ou yo alekri pa lapòs bay:

Office of Civil Justice / ATTN: HEARING COMMENTS
NYC DSS Office of Legal Affairs
150 Greenwich Street, 38th Floor
New York, NY 10007



Imèl Ou kapab voye kòmantè ou yo alekri pa lapòs bay civiljustice@hra.nyc.gov.

Tanpri mete "Hearing Comments" (Kòmantè sou Odyans la) kote ki pou make sijè imèl la.

DELÈ POU VOYE KÒMANTÈ ALEKRI YO SE 28 FEVRIYE 2024

SI OU BEZWEN ÈD POU PATISIPE NAN ODYANS LAN, tankou yon entèprèt oswa yon aranjman rezonab akòz yon andikap ou genyen, ou dwe di nou sa anvan 27 fevriye 2024. Rele nou nan **929-221-5422**; imèl nou nan civiljustice@hra.nyc.gov; oswa ekri nou pa lapòs nan adrès ki anwo a.

Y ap mete YON TRANSKRIPSYON ODYANS LAN disponib pou piblik la sou sit entènèt OCJ a, nyc.gov/civiljustice, kèk semèn apre odyans lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade sou sit entènèt OCJ a, nyc.gov/civiljustice